

# ASISTANS FINANSYE PF-KH

## Paj 1 sou 8

### OBJEKTIF:

Objektif politik sa se pou defini egzijans Pwogram Asistans Finansye Kettering Health (KH) la ki enkli pwosesis pou aplikasyon.

### DEFINISYON:

**Montan yo Jeneralman Takse (AGB)** Jan sa defini nan Sèvis Revni Entèn "Internal Revenue Service" (IRS) kòd 26 CFR 1.501(r) 1(b)(1), montan yo jeneralman takse pou ijans ak lòt swen medikal pou moun ki genyen asirans ki kouvri swen konsa.

**Kondisyon Ijans Medikal:** Jan sa defini nan IRS kòd 42 CFR 489.24(b) siyifi,

1. Yon kondisyon medikal ki manifeste l nan yon dividal sentòm ki grav ase (tankou gwo doulè, twoub sikyatrik ak/oswa sentòm konsomasyon sibstans toksik) yon fason pou absans atansyon medikal imedya ta kapab yon bagay yo atann ki lakòz -
  - a. Mete sante moun nan (oswa, nan kad yopn fanm ki an gwosès, sante fanm nan ak tibebe li a) nan yon risk ki grav;
  - b. Yon twoub grav nan fonksyon kò a; oswa
  - c. Move fonksyonman yon ògàn nan kò a; oswa
2. Ak respè pou yon fanm ansent ki genyen kontraksyon -
  - a. Kote pa gen yon tan ki apwopriye pou afekte yon transfè san danje nan yon lòt lopital anvan akouchman; oswa
  - b. Transfè sa a kapab reprezante yon menas pou sante oswa sekirite fanm nan oswa tibebe li ki poko fèt la.

**Mezi Koleksyon Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA):** Yon lis aktivite prelevman, jan sa defini selon IRS, òganizasyon sante kapab pran kont yon moun nan lide pou jwenn peman swen sante apre efò rezonab te fèt pou detèmine si moun nan kalifye pou asistans finansye.

**Kantite Moun ann Fanmi an ak Revni Kay la:** Manm fanmi ki gen pou pi piti 18 lane yo se moun tankou konjwen, moun k ap viv nan kay youn ak lòt selon jan eta a defini sa a, ak timoun ki sou kont granmoun ki gen mwens pase 21 lane, kit l ap viv nan kay la, kit li p ap viv ladan l. Manm fanmi moun ki gen mwens pase 18 lane yo se pasyan, manm fanmi moun k ap pran swen an oswa lòt timoun ki gen mwens pase 21 lane, kit y ap viv nan kay la, kit yo p ap viv ladan l. Revni yo se lajan ki rantre tankou salè, peman, retrè chak mwa pou retrèt, ak resi lajan kach anvan taks. Lòt sous revni yo kapab se, men yo pa limite ak, pansyon alimantè, sipò timoun, avantaj pou veteran, reparasyon pou chomaj, ak nenpòt lajan moun nan jwenn nan kad eritaj.

**Direktiv/Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines/Level, FPG/FPL):** Direktiv povrete yo gen mizajou ki fèt ladan yo detanzantan anba kontwòl Rejis Federal la epi se Depatman Sante aj Sèvis Imen an ki fèl nan kad otorite lwa 42 U.S.C. 9902(2).

**Politik Asistans Finansye (Financial Assistance Policy, FAP):** Politik lopital la ki konsidere revni ak kantite moun nan yon fanmi pou l detèmine yon diskont nan yon lajan yo faktire.

### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

# ASISTANS FINANSYE PF-KH

## Paj 2 sou 8

**Pwogram Asirans Swen Lopital (Hospital Care Assurance Program, HCAP):** HCAP se mekanis Depatman Medicaid Ohio genyen pou l satisfè egzijans federal li gen pou l ofri lopital yo peman adisyonèl ki pral bay yon pousantaj ki pa ekilibre nan sèvis san konpansasyon pou moun ki pa gen mwayen ak moun ki pa gen asirans yo. Pasyans yo dwe ana 100% nan FPG a epi yon rezidan nan Eta Ohio.

**KH Sliding Scale:** Yon lis pwogram asistans finansye ki disponib ansanm ak kondisyon elijiblite sou revni ak pousantaj rabè yo ofri.

**Swen Medikal Nesèsè:** Sèvis lopital yo, jan yo defini sa a nan Kòd Administratif Ohio an, nan Chapit 5160-1-01 an ki gen ladann sèvis pou pasyan ki entène epi pou pasyan ekstèn ki kouvri anba pwogram Medicaid la epi yo defini li kòm sèvis ki la pou trete yon kondisyon medikal epi ki, san swen medikal ap mete sante moun nan an danje grav epi/oswa lakòz gwo pwoblèm nan fonksyon kòporèl oswa yon move fonskyonman nan yon ògàn kòporèl.

**Elijiblite Sipoze:** Pwosesis kote Kettering Health kapab itilize detèminasyon kalifikasyon anvan yo ak/oswa enfòmasyon ki soti nan lòt sous ki pa sous moun nan bay dirèkteman pou detèmine kalifikasyon pou Pwogram Asistans Finansye a. </g2 >

**Asistans Piblik:** Medicaid oswa lòt fon asistans gouvènman bay yo

### POLITIK:

KH pran angajman pou l bay asistans finansye a pasyan ki te chèche swen ijans oswa swen medikal ki nesèsè ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo pou Pwogram Asistans Finansye ki endike nan règleman sa a.

KH pa pral angaje l nan Aktivite Koleksyon Ekstrawòdinè (ECA) kont yon moun nan lide pou jwenn peman pou swen anvan KH te fè efò rezonab pou detèmine si moun nan kalifye pou asistans pou swen nan Pwogram Asistans Finansye ki endike nan règleman sa a.

Epi tou, KH entèdi nenpòt mezi ki ta dekouraje moun chèche swen medikal ijans, tankou lè yo mande pasyan depatman ijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou kondisyon medikal ijans oswa lè yo pèmèt aktivite koleksyon dèt ki entèfere ak pwovizyon an, san diskriminasyon, oswa swen ijans medikal. KH pral bay moun swen medikal ijans oswa swen medikal ki nesèsè jan sa defini nan règleman sa a epi san diskriminasyon, kèlkeswa kapasite pou peye, kalifikasyon dapre règleman sa a, oswa kalifikasyon pou asistans piblik moun nan genyen.

**PWOGRAM:** KH bay pasyan ki elijib yo sèvis gratis oswa li ba yo diskont pou Swen Ijans oswa Swen Medikal Nesèsè yo. Men pwogram yo:

### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

[Watermark: DAT ANVIGÈ 09/28/2023]

# ASISTANS FINANSYE PF-KH

## Paj 3 sou 8

1. **Pwogram Asirans Swen Lopital (Hospital Care Assurance Program, HCAP).** HCAP, ki sou kont Depatman Medicaid Ohio a, gen finansman ki disponib pou lopital ki bay yon pati ki pa ekilibre nan sèvis san konpansasyon pou moun ki pa gen mwayen ak sa ki pa gen asirans yo.
2. **Pwogram Asistans Finansye.** Pwogram Asistans Finansye KH bay asistans pou moun ki elijib pou Swen Ijans oswa Swen Medikal Nesèsè dapre KH Sliding Scale la. Moun k ap chèche asistans dapre politik sa a elijib sèlman apre tout resous endepandan yo fin itilize. Moun yo dwe kolabore ak demann enfòmasyon KH oswa reprezantan/ajan otorize li yo pataje yo. Moun yo ta dwe akonpli pwosesis aplikasyon Medicaid la pou yo kapab kalifye pou asistans finansye.

Moun ki pa gen asirans oswa ki pa gen asirans konplè yo kapab kalifye pou lòt pwogram rabè pou pasyan pou Sèvis Ijans oswa Sèvis Medikal Nesèsè yo. Diskont sa yo pa dwe konbine avèk lòt pwogram rabè sof si pwogram sa yo otorize sa a klèman.

Asistans finansye a pa aplikab pou sèten sèvis oswa pwogram lopital kote yo te deja pran an konsiderasyon pri selektif yo.

### EGZIJANS KALIFIKASYON:

Y ap konsidere asistans finansye pou moun ki pa gen asirans ak sa ki pa gen asirans konplè ki gen depans medikal ki elijib epi ki pa kapab peye pou swen yo, dapre detèminasyon bezwen finansye ann akò ak politik sa a. Sa kapab gen ladan l nenpòt nan kondisyon ki pi ba yo:

1. Moun nan pa gen okenn kouvèti asirans endepandan
2. Li fin itilize tout avantaj Medicaid ak Medicare yo epi li pa gen okenn lòt mwayen pou peye
3. Moun nan pa gen asirans men li kalifye pou asistans selon bezwen finansye pou peye balans moun nan apra asirans lan
4. Endividi satisfè egzijans charite Pwogram Asirans Swen Sante Eta OH (HCAP) la.

### KRITÈ KALIFIKASYON:

Elijiblite pou Pwogram Asistans Finansye KH la baze sou nivo revni ki rive jiska 400% FPG/FPL epi yo kalkile yo yon fason pwopòsyonèl dapre Echèl Kolektif KH la (KH Sliding Scale). Mete sou sa a, KH kapab itilize byen yon fanmi posede pou detèmine si yon moun satisfè kritè kalifikasyon pou asistans finansye.

1. Revni. Yo pral verifeye revni an pandan y ap itilize relve finansye pèsònèl oswa lè yo jwenn kopi Fòmilè W2 ki pi resan aplikan an genyen, Fòmilè 1040 ak relve labank, oswa nenpòt lòt fòm dokimantasyon revni. Divilgasyon vèbal ak rekonesans sou revni kay la kapab reprezante yon prèv akseptab pou kalifye pou "KH Financial Assistance – Basic".
2. Aktif. Kapab gen sitiasyon kote moun yo pa te bay rapò sou revni yo men yo gen byen (aktif) enpòtan ki disponib pou peye pou sèvis swen sante yo. KH kapab evalye epi mande prèv ki dokimante pou nenpòt byen ki antre nan kategori byen ki kapab konvèti an lajan kach epi ki pa nesèsè pou depans esansyèl chak jou pasyan an.

### FOUNISÈ KALIFYE YO:

#### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soin Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

[Watermark: DAT ANVIGÈ 09/28/2023]

## ASISTANS FINANSYE PF-KH

### Paj 4 sou 8

Politik sa aplike sèlman pou chaj KH kalifye yo. Pasyan KH yo kapab gen gwoup doktè prive oswa lòt pwofesyonèl endepandan ki vin wè yo tou. Pwofesyonèl swen sante sa yo pa anba kontwòl politik sa a epi yo pa patisipe nan Pwogram Asistans Finansye KH la; sepandan, pwofesyonèl sa yo kapab gen pwòp pwogram asistans finansye pa yo.

Gen yon lis pwofesyonèl k ap patisipe ak pwofesyonèl ki p ap patisipe yo konsève nan yon dokiman separe, ki gen mizajou chak trimès, epi ki pa gen pou wè ak politik sa a. Moun yo kapab jwenn lis sa a, san peye anyen menm, sou sit entènèt KH la, [www.ketteringhealth.org/financial](http://www.ketteringhealth.org/financial), oswa lè yo kontakte Sèvis Kliyantèl KH la nan (866)-319- 2981.

#### PWOSESIS APLIKASYON:

Pou aplike pou Pwogram Asistans Finansye KH la, moun yo ta dwe soumèt yon aplikasyon **ranpli** ki gen ladann dokiman prè yo jan yo egzije ak/oswa yo mande yo, swa an pèsòn, pa lapòs, oswa nan yon fason elektwonik.

1. Fòmilè asistans finansye a disponib nan depatman ijans lan ak zòn enskripsyon nan lopital la epi sou sit entènèt KH la nan [www.ketteringhealth.org/financial](http://www.ketteringhealth.org/financial). Moun yo kapab mande aplikasyon an tou pa lapòs oswa imèl lè yo kontakte yon konseye finansye nan [financialcounselors@ketteringhealth.org](mailto:financialcounselors@ketteringhealth.org).
2. Moun nan ta dwe siyen yon fòmilè aplikasyon ranpli oswa li ka fè reprezantan otorize li fè sa a jan sa apwopriye. Mete sou ranpli yo dwe ranpli fòmilè aplikasyon an, moun yo ta dwe bay dokiman sa yo (men lis la pa limite ak sa yo sèlman):
  - a. Prè revni pou aplikan (epi konjwen si sa aplikab) tankou souch peman, souch peman avantaj chomaj, oswa lòt enfòmasyon sou fason pasyan yo ap sipòte tèt yo finansyèman kounye a.
  - b. Relve labank
  - c. Deklarasyon Taks
  - d. Dokimantasyon pou aktif yo
3. Yo pral konsidere aplikasyon pou asistans finansye jiska 240 jou apre premye relve fakti apre egzeyat la.
4. KH kapab itilize, kòm yon eksepsyon, yon detèminasyon anvan kalifikasyon asistans finansye kòm yon baz pou detèmine kalifikasyon aktyèl la si moun nan pa kapab bay ase dokiman pou demontre yon detèminasyon kalifikasyon. Mete sou sa, y ap konsidere yon aplikasyon finansye kòm yon aplikasyon ki valab jiska sis (6) mwa apre dènye dat aplikasyon an apwouve a.
5. KH pral revize aplikasyon an anvan ak dokiman sipò li resevwa pou detèmine elijiblite pou pousantaj rabè ki apwopriye yo dapre Echèl Kolektif KH la.

**KONLETE APLIKASYON PWOGAM ASISTANS FINANSYÈ:** Si yon moun soumèt yon aplikasyon ki konplè pandan peryòd aplikasyon an, KH pral:

1. Kanpe nenpòt ECA pou l jwenn peman pou swen an;
2. Fè ak dokimante detèminasyon sou kalifikasyon nenpòt moun pou asistans finansye nan tan sa dwe fèt la epi fè moun nan konnen alekri detèminasyon kalifikasyon an ki genyen ladanl, si sa aplikab, asistans moun nan kalifye pou li a anvan ak baz pou detèminasyon sa a.
3. Si KH detèmine moun nan kalifye nan kad FAP pou swen an, tankou Kalifikasyon Sipoze a, HH pral fè sa yo:

#### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

## ASISTANS FINANSYE PF-KH

Paj 5 sou 8

- Bay moun nan yon relve faktirasyon ak yon lèt (pa obligatwa pou \$0 balans) ki endike kantite moun nan dwe pou swen an kòm yon moun ki kalifye pou FAP ak kijan yo te detèmine kantite lajan sa a epi ki endike, oswa ki dekri fason moun nan kapab jwenn enfòmasyon. konsènan, AGB a pou swen an
- Ranbouse peman ki gen anplis yo bay moun nan depi pa gen okenn lòt balans ki pa elijib pou asistans finansye
- Pran tout mezi ki rezonab ki disponib pou anile nenpòt ECA (sof nan ka yon lavant dèt) dèt) yo pran kont moun nan pou jwenn peman pou swen an.

### KALIFIKASYON SIPOZE:

Moun yo ka kalifye pou Pwogram Asistans Finansye KH la san yon aplikasyon ki ranpli nan dosye yo. KH ka itilize sikonstans lavi moun ki diferan ki enkli, men ki pa limite a sa, lis ki anba a kòm baz pou sipoze si yo kalifye.

- Nan sityasyon sanzabri oswa te resevwa swen nan yon klinik pou sanzabri.
- Moun nan mouri san yo pa konnen eta a.
- Moun nan nan prizon.
- Moun nan kalifye pou Medicaid men pa nan dat sèvis la.

KH ka itilize nòt yon lòt pati tou pou detèmine si moun yo gen chans pou kalifye pou asistans finansye. Moun yo te te sipoze ki kalifye yo pou mwens pase asistans maksimòm lan dapre Pwogram Asistans Finansye KH yo ka soumèt plis enfòmasyon ki endike nan politik sa pou plis verifikasyon.

### ECHÈL KOLEKTIF KH:

PWOGRAM	% FPL	RABÈ
HCAP	0% - 100%	100%
Asistans Finansye - Elaji	0% - 250%	100%
Asistans Finansye - Debaz	251% - 400%	80%

KH p ap faktire moun ki kalifye yo plis pase AGB ki tabli nan politik sa a pou Sèvis Ijans ak Sèvis Medikal Nesesè.

### MONTAN YO JENERALMAN FAKTIRE (AMOUNT GENERALLY BILLED, AGB):

KH detèmine AGB an lè l itilize metòd "gade dèyè" a. Konfòmman ak Kòd IRS §1.501(r)- 5(b)(3)(i), KH kalkile pousantaj AGB li baze sou frè sèvis Medicare ak tout lòt konpayi asirans sante ki peye reklamasyon bay KH. Pousantaj AGB a kalkile lè ou divize adisyon tout reklamasyon konpayi asirans prive yo otorize (ki enkli Medicare Advantage) ak Medicare (Tradisyonèl) pa adisyon chaj reklamasyon brit ki asosye pou sèvis yo ki gen yon dat egzeyat nan peryòd 12 mwa anvan an.

Chak lopital ki nan menm akò founisè Medicare la kalkile pwòp AGB li separeman, men, KH itilize menm rabè a pou tout KH yo ki baze sou pousantaj AGB ki bay pi gwo rabè a.

### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

# ASISTANS FINANSYE PF-KH

## Paj 6 sou 8

### FASON YO DETÈMINE KALIFIKASYON POU ASISTANS FINANSYE ANVAN YO PA PEYE

KH fè efò ki rezonab pou detèmine si yon moun kalifye pou asistans dapre politik la anvan admisyon an oswa nan moman admisyon oswa sèvis la. Si yo pa detèmine yon moun elijib pou asistans finansye avan egzeyat oswa sèvis, KH ap voye bòdwo pou swen.

Si moun nan gen asirans, KH pral founisè moun nan nan dosye. Apre peman oswa repons founisè asirans moun nan (yo), tout sa ki rete se responsablite pasyan an. Nan ka kote genyen yon sispansyon nan peman asirans yon reklamasyon kyo dwe moun nan ki bezwen yo bay enfòmasyon anplis a konpayi ki ap asire l la, frè yo pral faktire sou moun nan dirèkteman.

Si moun nan pa asire, KH pral faktire moun nan pou frè yo.

### DEKLARASYON BÒDWO

1. Moun yo ap resevwa yon seri relve jiska kat nivo relve ke y ap livre pa metòd pasyan an pi pito a swa pa lapòs nan adrès ki nan dosye a oswa pa mwayen elektwonik. Sèlman kont ki gen yon balans ki poko peye kap resevwa yon deklarasyon bòdwo Reprezantan KH yo ansanm ak/oswa ajan otorize yo kapab fè tantativ pou kontakte moun pandan peryòd faktirasyon an ki pral dokimante nan rejis kont moun nan.
2. Deklarasyon bòdwo yo enkli enfòmasyon sa yo.
  - a. Dat sèvis(la)(yo)
  - b. Brèf deskripsyon sèvis la
  - c. Kantite lajan yo dwe pou sèvis yo bay yo
  - d. Kontakte pou w adrese demann bòdwo ak diskisyon
  - e. Kontakte pou mande enfòmasyon sou asistans finansye
3. Relve faktirasyon an genyen ladan l sèvis Kettering Health Medical Group (KHMG) ak sèvis etablisman lopital KH yo sèlman. Relve Sèvis Transpò Kettering yo, doktè ki pa nan rezo KHMG yo oswa lòt etablisman ki pa etablisman KH ki enplike nan swen w resevwa yo ap fèt separe. Pou èd ak lòt relve yo, tanpri kontakte kabinè doktè a oswa etablisman an dirèkteman.

### AkSYON YO PRAN NAN KA PA PÈMAN

KH pral fè efò ki rezonab pou l detèmine si yon moun kalifye pou asistans finansye anvan li angaje l nan ECA yo. KH oswa ajan otorize li yo pa pral inisye okenn ECA pou omwen 120 jou apati dat KH delivre premye relve faktirasyon apre egzeyat li a. Aproasyon davans dwe jwenn avan nenpòt ECAs yo ka inisye Si KH apwouve pou angaje l nan ECA, anvan gen yon ECA ki inisye, KH oswa ajan otorize li pral:

1. Bay moun nan yon avi alekri ki:
  - a. Endike asistans finansye an disponib pou moun ki kalifye;
  - b. Idnatifye ECA KH oswa ajan otorize l yo te gen entansyon inisye pou jwenn peman pou swen an; epi
  - c. Deklare yon dat limit kote apre dat sa a kapab gen ECA ki inisye ki pa kapab fèt anvan 30 jou apre dat avi alekri a te disponib la
2. Bay moun nan yon rezime nan yon lang ki klè (PLS) KHFAP l

### Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

## **ASISTANS FINANSYE PF-KH** **Paj 7 sou 8**

3. Fè efò ki rezonab pou avize moun nan vèbalman konsènan FAP KH la ak kijan pou moun nan jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon an.

### **REVIZE E APWOUVE:**

Vis Prezidan Sik Revni KH la oswa Lidè Anchèf Sèvis Finansye Pasyan an gen otorite pou l revize epi detèmine si gen efò rezonab ki fèt pou evalye si moun ann kalifye pou asistans nan kad politik sa a anvan inisyasyon nenpòt ECA.

### **MEZI POU PUBLIKASYON POLITIK ASISTANS FINANSYE A GRAN ECHÈL:**

FAP KH, fòm aplikasyon pou asistans finansye a, ak PLS, FAP KH la (ke yo rele Dokiman FAP yo) transparan epi yo disponib pou kominote ke li sèvi sou sitwèb li a, [www.ketteringhealth.org/financial](http://www.ketteringhealth.org/financial), ak sou demann nan tout depatman ijans ak zòn pou anrejistre nan KH yo.

Siyalizasyon KH la avize epi enfòmasyon pasyan yo ke KH ofri asistans finansye ki enkli fason oswa ki kote pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram nan, pwosesis aplikasyon an, ak kijan pou jwenn kopi Dokiman FAP yo ap afiche nan fason ki vizib nan plas piblik yo nan etablisman KH yo, tankou omwen, nan sal ijans lan ak zòn admisyon yo.

KH ofri yon kopi dokiman PLS FAP KH la bay pasyan yo nan kad pwosesis enskripsyon an.

Moun yo ka mande kopi tout dokiman FAP yo, gratis, pa lapòs oswa pa imel lè yo kontakte yon konseye finansye nan [financialcounselors@ketteringhealth.org](mailto:financialcounselors@ketteringhealth.org).

KH fè aranjman tou pou lòt popilasyon ki limite nan lang anglè yo lè li tradui Dokiman FAP yo nan 15 lang prensipal moun ki pa pale anglè kòm premye lang nan Ohio yo ke Sant Medicare ak Sèvis Medicaid (CMS) yo pibliye yo.

### **ENFÒMASYON:**

Pou lòt kesyon oswa enkyetid konsènan politik sa, aplikasyon yo oswa pwogram ki disponib yo, tanpri rele kote ou te pwograme a oswa kote ou te resevwa swen an nan nimewo telefòn ki site anba yo, oswa Sèvis Kliyan KH la nan (866)-319-2981.

<b>SANT</b>	<b>ANPLASMAN</b>	<b>NIMEWO TELEFÒN</b>
Kettering Health Behavioral Medical Center Yon Sèvis Kettering Health Miamisburg	5350 Lamme Rd Moraine, OH 45439	937-384-8774
Kettering Health Dayton	405 West Grand Ave Dayton, OH 45405	937-723-3237
Kettering Health Greene Memorial	1161 North Monroe Dr Xenia, OH 45385	937-352-2201
Kettering Health Hamilton	630 Eaton Ave Hamilton, OH 45013	513-867-2301

### **Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)**

KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soim Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.

[Watermark: DAT ANVIGÈ 09/28/2023]

## **ASISTANS FINANSYE PF-KH**

**Paj 8 sou 8**

Kettering Health Main Campus	3535 Southern Blvd Kettering, OH 45429	935-395-8880
Kettering Health Miamisburg	4000 Miamisburg Centerville Rd Miamisburg, OH 45342	937-384-8774
Kettering Health Troy	600 West Main St Troy, OH 45373	937-980-7001
Kettering Health Washington Township	1997 Miamisburg Centerville Rd, Washington Township, OH 45459	937-401-6215
Soin Medical Center – Kettering Health	3535 Pentagon Blvd Beavercreek, OH 45431	937-702-4875

DEPATMAN RESPONSAB:

Sik Revni Rezo a

DEPTAMAN KI AFEKTE YO:

Tout Depatman Lopital KH

yo:

DAT KREYASYON:

3/10/17

### **Politik Global nan Òganizasyon Kettering Health (KH)**

**KH adopte politik sa pou KH Main, KH Miamisburg, KH Behavioral Medical Center, KH Dayton, KH Washington Township, KH Greene Memorial, Soin Medical Center, KH Hamilton, KH Troy, KH Medical Group, KH Transportation Services, tout lopital ki pa nan sit la ak KH facilities, KH Senior Living, ak Kettering Network Services.**

[Watermark: DAT ANVIGÈ 09/28/2023]